ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№103 (23.761) ● 2018 гъэм шыщхьэIуI (августым) и 23, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●Дыгъуасэ

Iуэхугъуэ 21-рэ

КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий дыгъуасэ иригъэкIуэкIа зи чэзу зэIущIэм Iуэхугъуэ 21-м щыхэплъащ.

АБЫХЭМ ящ Къэбэрдей-Балъкъэрым инвестицэ Iуэхухэм 2034 гъэ пщIондэ зэрызыщагъэужьынум теухуауэ КЪБР-м и Правительствэм и унафэм и проект къащтар.

КЪБР-м щIымрэ мылъкымрэ я IуэхухэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Улнаев Таймураз** тепсэлъыхьащ «АльпинизмэмкIэ, бгым дэкIыным рэ спорт туризмэмкIэ федерацIэ» щIыналъэ жыларагъуэ зэгухьэныгъэмрэ Дзэлыкъуэ районымрэ къэрал мылъкум щыщу иратыр къыщыгъэлъэгъуа проектхэм. Жылагъуэ Iуэхущ1ап1эм и хэщIап1эу пэш щхьэхуэ пщIэншэу къигъэсебэпыну иратащ (Налшык кьалэм Щоджэнцыкъум и уэрамым хуэзэу). Дзэлыкъуэ щIыналъэм и мылькум щыщ хъуащ километр 27,4-рэ зи кIыхьагъ гидротехникэ гухуэныгъэр. Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, псы зэрыжэ бжьамийр сом мелуан 822-рэ и уасэщ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ерыскъыхэкIхэм я шынагъэушагъэм теухуауэ» КЪБР-м и Хабзэм и Iыхьэ щхьэхуэхэм кьару ямыIэжу къэлъытэным тепсэлъыхьащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и ягъэ къуэдзэ - мэкъумэш Iэнат1эмкIэ министр **Говоров Сергей**. Абы жиIащ республикэм ерыскъыпхъэхэмкIэ фонд къыщыхэзгъэпэщынгъэ тэмэму къызэримылъытэр. «Къэрал фонд мэлажьэ, абы дэтхэнэ щIыналъэми зыхуигъэзэну Iэмал иIэщ. Къэбгъэльагъуэмэ, апхуэдэ фонд къызэригъэпэщын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр сом мелуан 62-рэ хуеинущ. Абы щыгъуэми, долъагъу ди гъунэгъу щIыналъэхэм, псалъэм папщIэ, Краснодар, Ставрополь крайхэм, зи гугъу тщIы фондхэр зэрыщымыIэр, абы дызэрыхуэмыныкъуэр», - къыхигъэщащ Говоровым.

КЪБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** жиIащ Урысейм 2019 гъэр театрым и илъэсу зэрыщагъэуавам къыхэкIыу, абы епха Iуэхухэр къызэзыгъэпэщыну комитет яубзыхун зэрыхуейр. Апхуэдэуи, республикэ унафэщIхэм ягъэбелджылащ 2019 гъэ пщIондэ лъэпкъхэм я Iэнщ1эл1ап1агъэхэр къагъэщIэрэщIэжьныкIэ зрагъэужьныкIэ ятеухуауэ ирагъэкIуэкIыну Iуэхухэр.

ЗэIущIэм къыщащтащ «Пенсэм социальнэ ахъшэ дыщIагъун папщIэ, 2019 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу пенсионерым нэхъ мащIэ дыдэу кIыхьым хэгъэхъуэным и Iуэхукъ» КЪБР-м и хабзэм и проектым теухуауэ КЪБР-м и Правительствэм ищIа унафэмрэ «Ныкъуэдыкъуэхэмрэ зи узынщагъэм сэкъат иIэхэмрэ папщIэ ирагъэкIуэкI «Абилимпикс» зэхьэзэхуэхэм щытекIуэхэмрэ къыщыхэжаныкIхэмрэ зэрагъэльапIэ щыкIэр гъэбелджылыным теухуауэ» проектымрэ. КЪБР-м и Правительствэм и комиссэ щхьэхуэхэм, КЪБР-м и Правительствэм щIэныгъэ-техникэ зыужьыныгъэмкIэ и Жылагъуэ советым хэтхэм щыщ гуэрхэр зэрахъуэкIащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и еджапIэхэр зэрылэжьэнум хуэхьэзырщ

Республикэм егъэджэныгъэмкIэ и Iэнат1эм курыт еджап1эу 325-рэ къызэщIеубыдэ.

А IЭНАТIЭМ хеубыдэ «Сабий зеинщэхэмрэ адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу кьэна сабийхэмрэ папщIэ интернат-школ» къэрал IэзонэIуэхущIапIэр, Iэщ1агъэ щрагъэгъуэт курыт еджап1эу 9, абыхэм я къудамэу 4, щIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт Iуэхущ1ап1эу 24-рэ, «Къалэ дыгъафIэ» сабий творчествэмкIэ академиемрэ абы и къудамэу Тэрч, Май районхэм щыIэхэмрэ яхэту, зи школ кIуэгъуэ мыхъуэхэр зэкIуал1э Iуэхущ1ап1эу 25-рэ, «Сабийжэ я зэфIэкIым зыщрагъэужь центр», «Психолого-медико-социальнэ зыужьыныгъэмкIэ центр» Iуэхущ1ап1эхэр.

КЪБР-м ЦIыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ, щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм 2018 гъэм щыщхьэIуIум и 22-м къыззэритамкIэ, егъэджэныгъэмкIэ Iуэхущ1ап1э процин гъэ еджэгъуэщIэм къызыхуэтыншэу хуагъэхьэзыращ. Абыхэм я щытыкIэр къыщапщытэм, гулъытэ хэха хуащIащ мафIэс къэмыгъэхуныжыкIэ хабзэхэр гъэззэщIэныгъэ терроризмэм щыхьэмэныгъэ яхуэгъэзащ зэфIагъэкIахэм.

Мэрем пшыхьхэм къыпащэ

Илъэс еплIанэ хъуауэ Май щIыналъэм щрагъэкIуэкI «Мэрем нэгузыужь» зыфIаща пшыхьыр.

КЪАЛЭДЭСХЭМ я жэрдэмкIэ ирагъэжьа мы Iуэхум яфIэфIу хэтщ щIалэгъуалэри ныбжь зиIэхэри. Ахэр мэрем махуэхэм хуэзэу Щэнхабзэмкl эмрэ къалэм и утыку нэхъыщхьэмрэ щыщэхуос. Зэхьэхэм лъабжьэ хуащI республикэм, щIыналъэм къыщагъэт Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр. Къапщтэмэ, иджыблагъэ зэхэта зэхуэсыр сабий зэчиифIэхэм я зэфIэкIхэм теухуат. ЦIыкIухэм папщIэ ята дерсхэм щагъэлъэгъуащ гуащэхэмрэ гуащэ хьэпшыпхэмрэ я гъэхьэзырыкIэр, иджыблагъэ зэхэтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2018 гъэм бадзэуегъуэм и 26-м *Налшык къалэ*

№151-ПП

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Іуэхукіэ» 1999 гъэм мазаем и 20-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №5-РЗ-м и 16-нэ статьям ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм теухуа Положенэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным эритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм нэхъыбэ дыдэу щылажьэхэр цІыху 48-рэ (Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министрыр яхэту), абыхэм кІулыкъыкІэ ират улахуэхэмкІэ и мазэ фондыр сом мин 278,1-рэ хъууэ гъэувын мы къыкІэлыкІыуэхэри хилъхьыдэу:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан кІулыкъущІэу 40, я кІулыкъухэмкІэ хуагъэув улахуэхэм я мазэ фондыр сом мин 222,9-рэ хъууэ;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я лэжьакІуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан кІулыкъум химыІыдыдэ ІэнатІэхэр зыІыгъэхэм я лэжьапщІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм шыщхьэУІум и 8-м къыдигъэкІа Указ №255-УП-м ипкъ иткІэ лэжьапщІэр зрат лэжьакІуэу 3, яІыгъ кІулыкъухэм тещІыхьауэ ират лэжьапщІэмкІэ мазэ фондыр сом мин 18,06-рэ хъууэ;

лэжьапщІэ тыкІэм и нэгъэущІ системэхэм япкъ иткІэ лэжьапщІэ зрат лэжьакІуэу 4, я кІулыкъухэм ятещІыхьауэ хуагъэувА лэжьакІэмкІэ я мазэ фондыр сом мин 18,44-рэ хъууэ.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэр хуит щІын министрым и къуэдзэу щы иІэну.

4. Къару ямыІэжу къэлъытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 12-м къыдигъэкІа унафэ №262-ПП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым теуха Положенэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм щыщылъэм и 12-м къыдигъэкІа унафэ №97-ПП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 12-м къыдигъэкІа унафэ №262-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м къыщта унафэ №113-ПП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым теуха Положенэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2016 гъэм накъыгъэм и 13-м къыщта унафэ №83-ПП-м

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым теуха Положенэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2017 гъэм щышылъэм и 30-м къыдигъэкІа унафэ №5-ПП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхухэмрэ муниципальнэ щІыналъэхэмрэ транспортым и техническэ щытыкІэр къыщащытэ пункту мардэкІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым теуха Положенэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным рэ я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2018 гъэм гъатхэпэм и 29-м къыдигъэкІа унафэ №58-ПП-м и пункт 3-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ
МУСУКОВ Алий

● Псапащ Іэ Іуэхухэр

Хуэмыщ Іахэм зыщ Іагъакъуэ

Хабзэ хъуауэ, гъэ ешІэгъуэщІэм ипэ къихуэу ди республикэм псапащІэ Іуэхугъуэхэр щокІуэкІ сабийхэр школым хуэгъэзэзырыжыным хуэгъэпсауэ. ШІэджэм щІыналъэм щыпсэу унагъуэшхуэхэм, щытыкІэ гугъу ихуа унагъуэхэм, хуэмыщІэжым щапІ школакІуэхэм 2018 - 2019 гъэ ешІэгъуэщІэм ирихьэлІэу дэІэпыкъуныгъэ иратынущ.

ШКОЛАКІУЭХЭМ хуаутІыпщ мылъкур зэхуэхьэсыным лъабжьэ хуэхъуащ мэкъуауэгъуэм и 1-м, Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм, щІыналъэм щрагъэкІуэкІауэ щыта щэбэт щІыхьэхум кьыхэкІа ахъшэхэр. Абы хэтащ Шэджэм районым щыІэ бюджет Іэхуэщ Іапі псоми я лэжьакІуэхэр. Щэбэт щІыхьэхум кьыщалэжьа ахъшэр бынунагъэщхуэхэм кьахэкІа школакІуэхэм хуаутІыпщынущ. Районым и школакІуэ 256-м гъэ ешІэгъуэщІэм и пэ кьихуэу сом 2000 зырыз яІэрыхьэнущ. Сабийхэр школым хуэгъахьэзырынымкІэ ар щІэгъакъуэнышхуэщ.

Кьинэмыщ Іауэ, Шэджэм щІыналъэм егъэджэнымкІэ и Іэнатіэм ирегъакІуэкІ «Сабийр школым худогъахьэзыр» псапащІэ акцэ иныр. Абы кьриубыдэу школакІуэхэм еджэным кьыщагъэсэбэпыну хьэпшыпхэр зэхуэахьэс щІэблэм яхуэнабдзэгубдзаплъэ, гуузлыуэ яхузиІэ цІыху куэдым. Абыхэм яхэтщ щІыпІэ власты и кьулыкъущІэхэри, егъэджакІуэхэри, ІэсакІуэхэри, Іуэхущ Іапі Іэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лІыкІуэхэри, щІынальэм и щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэри, мылъку зыбгъэдэлъ цІыху щхьэхуэхэри. Дэтхэнэри хьэзырыщ дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэ унагъуэхэм, абыхэм щапІэ сабийхэм хуитьхыкІымкІэ защІигъэкъуэну.

Бынунагъэщхуэхэм защІэгъэкъуэным хуэгъэзауэ екІуэкІ апхуэдэ акцэхэм ухэтыныр псапэ ин зыпылъ Іуэхугъуэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Гу зылъытапхъэ

Турист лъагъуэщІэхэр къоунэху

«Илъэсым и гуэзгуанэ» урысейпсо турист саугъэтыр ятынущ турист лъагъуэщІэхэр къызэІуихыным, зэІуэзэпэщ щІыным хуэгъэзауэ ягъэхьэзыр проектхэм я зэхьэзэхуэ зэІухам кьриІуэнухэм япкъ иткІэ. 2018 гъэм мы Іуэхур ирагъэкІуэкІ, УФ-м Туризмэмкіэ и федеральнэ агентствэр я щІэгъэкъуэну.

ЗЭПЕУЭМ хьихьэ хъунущ Урысейм турист лъагъуэщІэхэр къыщызыгъэуІэнэху, щІыпхызышыну хуей псори. Гъэгуанэхэр пхрыкІын хуеиІущ тхыдэ, архитектурэ, щэнхабзэ, псэкупсэ, щІыуэпс мыхьэнэ зиІэ щІыпІэхэм.

Зэхьэзэхуэм хэтыну гупыж зыщІагъэм зыщрагъэтхын, къагъэхьэзыра тхыгъэхэр иралъхьэн хуейщ саугъэтым мы и сайтым http://award.tourawards.ru/ 2018 гъэм фокІадэм и 5 пщІондэ (а мазэхэри хиубыдэу).

«Илъэсым и гуэзгуанэ» урысейпсо саугъэтым тещІыхьауэ, Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ, Приволжскэ, Урал, Курыт, Ищхъэрэ-Кьухьэпі федеральнэ щІыналъэхэм щІызэхашэ зэпеуэхэм я кІэухыр 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 4-5-хэм Тверь-Завидовэ щекІуэкІынущ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Темыркъан Юрий и илъэс

Темыркъан Юрий и анэм игуэгуэ.

ЦІыхур дунейм къытохьэри, адэ-анэм я ущиныгъэкІэ япэ лъэбакъуэр ещ. Адэкіэ, гъащІэм хьыхьэурэ, егъэджакІуэхэм я жьауэм щІэту къыдокІуэтей, йоджэ, гъэсэныгъэ зрегъэгъуэт. Сыт хуэдэ гугъуехь, хуэзэмэ, егъэджакІуэхэр я Іэщ Іагъэмрэ зыпэрыт Іэнатіэмрэ хуэпэжу, я гумрэ я псэмрэ щІэблэм ират. Мы гупсысэхэм сигу къагъэкІыжащ Дзэлыкъуэкъуажэ школым дыщыщІэтІысхьам къыщыщІэдзауэ зи ІэІэ дыщІэта егъэзамен, егъэджакІуэхэр я Іэщ Іагъэмрэ зыпэрыт Іэнатіэмрэ хуэпэжу, я гумрэ я псэмрэ щІэблэм ират. Мы гупсысэхэм сигу къагъэкІыжащ Дзэлыкъуэкъуажэ школым дыщыщІэтІысхьам къыщыщІэдзауэ зи ІэІэ дыщІэта егъэзамен, егъэджакІуэхэр я Іэщ Іагъэмрэ зыпэрыт Іэнатіэмрэ хуэпэжу, я гумрэ я псэмрэ щІэблэм ират. Мы гупсысэхэм сигу къагъэкІыжащ Тыгъуэ Лендж, Тау Жанусэ, Гындыгъу Ахьмэд, Куэт Цуцэ, Бабыгуей Мурадин, Барсокъуэ Хъымсад, Ступников Николай, Дохьушокъуэ Майе, Тау Іэбисал, Бжэныкіэ Галинэ, ТІэмашэ Хьэбидэт, Дау Іэуфэчыр, Куэт Валентинэ сымэ. Абыхэм ящыщ зыуэ зи цІэ къисІуа Гындыгъу Ахьмэд Алий и къуэрщ мы тхыгъэр зытеухуар.

Псынащхьэ

ГЪУЭГУГЪУЭМЫІПЭУ игъащІэкІэ гъусэ хуэхъуа цІыхугъэр, щІэныгъэм хуэнэхъуеиншэныр, хьихьэхкІ дахэмрэ хэкупсэ хьэл-щэнымрэ Гындыгъу Ахьмэд къызыдихар щалъхуа Дзэлыкъуэкъуажэкър. Арэп абы и псынащхьэр къыщежьэр. Балигъыпі3 щиувэ илъэсхэм ар гъащІэм щІэуэ къыхьихьэ Іуэхугъуэхэр зыІэт нэхъыжьхэм ядэІэпыкъурт. Сытым дежи игуэст и адэ къуэшым и къуэ Мухьэмэд. Ар илъэситІкІэ нэхъыжьми, ныбжькІэ зощхьэщыкІыу къыпхуэщІэртэкъым. Пщэдэлъ пІпІыжьхэр ядэІэпІу, зэгъусэу школым кІуэрт, пІалъэр къыщІысым комсомолым хьихьат. Географиер Іэщ Іагъэ зэрыхуэхъунур и псэм ищІэ хуэдэ, Ахьмэд къэзыухъуреихь дунейм зэрепІъ щыкІэр и ныбжьэгъу щыкІуэм къащхьэщыкІырт: абы къэкІыгъэр илъэс къэс, япэ ильэгъум хуэдэу зэпипІъыхьырт, и зэхэлъыкІэр къищІыну хуейт, игъэтІыгъуэу, псэущхьэ гуэр и Іэгум исым хуэдэу, иІыгът.

Къуажэ школхэм егъэджакІуэхэр зэрахуримыкъум кьыхэкІыу, нэхъ кьыхэжанымкІэ ныбжьыщІэхэр а Іэщ Іагъэм щыхурагъаджэ ещІ. Дзэлыкъуэкъуажэм щІалъэ кьыщыхьахат. Дзэлыкъуэкъуажэ щІалъэ щыкІуиущым Ахьмэди яхэтт. Ауэ апхуэдизкІэ нэхъуеиншэу еджэным хущІэкъуртри, щыри зэгъусэу Налшык щашэнур зэрагъэгувам кьыхэкІкІэ, машинэтедзэкІэ Шэджэм дэс и анэ шыпхъум дежи екІуалІэри, еджапІэм зригъэшащ.

- Мыр сыту хуэпэсэуа, - пыгуфІыкІыу жиІащ еджапІэм щІэтІысхьэнухэр зытх ЛІым. - Дзэлыкъуэкъуажэ щыщ щІалэхэр кьыщыкІуэнур пщэдейщ. Ауэ умыгузавэ, псори тэмэмщ. Спискэми ухэтщ:

- Алыхь, схутемыпІа, кьыкІэрыхуа и гугъэщ, - жиІащ анэ шыпхъум.

- Мис мыбы итщ еджэным щыщІидзэну махуэр, - жиІэри, унафэщым и къуэдзэу кьыщІэкІа ЛІы нэфІэгуфІэм тхьапымпІэ кІапэ кьритащ. А зэманым Гындыгъу Ахьмэд и ныбжьыр илъэс 16 ирикъуатэкъым.

Апхуэдэ ныбжьым ит щІалэ цІыкІум и гупсысэр жанщ, жепІэр псынщІэу кьепхьуатэ. Ар гъащІэм и хабзэщ. Гындыгъу я кІуэри а хабзэм текІакъым. Япэ классхэм щригъаджэну хуитыныгъэ кьезыт дипломыр иІыгъыу илъэс иримыкъум ет ебззэж. ЕгъэджакІуэ нэхъ зыхуримыкъу, егъэджэныгъэм нэхъ зыщиубгъуа Іэнатіэхэм щылажьэну ягъакІуэ - ар Сэрмакъ дэт илъэсибл еджапІэрт, иужькІэ Каменномост щыІэ, япэ классхэм щрагъаджэ етІуанэ школыт. А еджапІэхэм Гындыгъур щылажьащ 1939 гъэм кьыщыщІэдзауэ 1941 гъэм и кІэ пщІондэ.

Зауэм и гъуэжькуийхэм

Хэку зауэшхуэр и гуащІэгъуэу екІуэкІырт. Щэхурыпхъуэу кьыт теуа, Европэр кьанэ щІагъуэ щымыІэу зи Іэмыщ Іэм изыбуда фашист Германием и дзэр ди щІихьэр Москва и дихьэпІэхэм кьсат. Ауэ абдеж ди дзэхэм удын лъэш щрадзри, кьыздикІа къуэхьэпІэмкІэ километр 200 хуэдизкІэ ирагъэкІуэтащ. Зыри зыпэмылъэщу дуней псом кьащалъыта нэмыщдзэм япэу кьыфІэтхьа текІуэныгъэм, зы фІыгъуэ гуэр кьыхэхъуа хуэдэу щыгъфІыкІырт Ахьмэд. Иригъаджэ сабийхэм кьытрачу, занщІэу ирамыджами, езым и мурадт военкоматым зыщригъэтхыу, фронтым кІуэхэм я гъусэу дэкІыну. Ауэ повесткэр зы сыхьэткІэ япэ кьыщащ икІи 1941 гъэм и дыгъэгъазэм Гындыгъур фронтым Іут ди дзэ гупхэм ящыщ зым хэхуащ. Ар зыхуэзэр Москва деж кьыщыгъэкІуэта бийм и дзэхэм зыщагъэбыда щІыпІэхэм ящыщ щит. Илъэс 19 зи ныбжь щІалэм, зэи дзэ кьулыкъу Іуэху зэмытам кІэщІкІэ фІэкІа хуемыджам, и гъусэхэм ельытауэ, куэдкІэ нэхъ кьытехьэлъэрт зэрыхуэ щытыкІэр. Ауэ зэрыщымыІэм, ебгъэрыкІуэн хъуамэ, яужь кьыззэримынэм псоми гу лъатат.

ХэкІуадэр куэдт, нобэ ХэгупсагъэрЩыдзэрт ПлъагъуэжьнутэкъыМ. Ахьмэд и натІэ кьритхауэ кьыщІэкІынт а псэззэпылъхьэпІэм псэууэ кьыхэкІыну: илъэскІэ апхуэдэ зауэ гуащІэм хэтауэ, ар уІэгъэ мэхъу, щхьэунаэз кьешІэ, госпиталым щІохуэ. Хьужа иужь, фронтым Іухьэжьи и пэкІэ, и адэ-анэр, и Іыхьлыхэр иІьаГуну махуэ зыбжанэкІэ хуит ящІ. Хабзэм кьызэрІуэувым тету, Дзэлыкъуэ куейм щыІэ военкоматым занщІэу кІуэри, пІалъэ кІэщІкІэ унэм кьызэрыкІуэжар, и Іуэху кьызэрекІуэкІа щыкІэр яжриІащ.

- Уэ фронтым бгъэзэжьну кьыщІэкІынкъым, - кьыщыжраІащ военкоматым. - Хуит укьедгъэщІри, Дзэлыкъуэ хьупІэхэм Іэщ Іэкі Іэ зэщІуэзэдауэ ит бандэм ебэныныр зи пщэ дэтлъхьа гупым уходгъэхьащ. Хуэхьэзыру пщдей мыбдеж къекІуалІэ.

Фронтым Іут и ныбжьэгъуэм яхьихьэжьну дапхэдизу хуемыІэми, унафэр унафэт, кьалэныщІэр нэхъапэт. Ауэ Ахьмэд иІыгът акъылым щхьэдэжьыу гум зыхиущІэ гупсысэ гуэрым: хамэщым кьыкІыу, уи лъахэр пІэщІихьну, уи жьэгу пащхьэм псы изыгъэжьхьыжьну кьэкІуа бийр зыхущІэжьхьэм нэмысым папщІэ абы и псэр гъэнын хуейц. Мыбдеж узыпэщІэтыр, узэзауэр, уи кьэралым щыщу, и фэкІэ зыкъыбдищІу, игукІэ фІейуэ кьыбдэпсэуа цІыхут. Нэмыщ фашистым хуэдэу ари бийт. Хуэзэмэ е букІынут, е укъиукІынут. Ауэ, дауэ ирехъуи, ар дыдейт, ди щІыналъэм кьыщалъхуат, ди гъусэу псэуат. А гупсысэр Гындыгъу Ахьмэд кьытехьэлъэрт, бандэм ебэныныр пщэрыльэ зыщащІа гупым хэт дэтхэнэми хуэдэу. Ахьмэд абы хэтащ 1944 гъэм и кІэм нэс. ИтІанэ, егъэджакІуэхэр Іэмал зэриІэкІэ фронтым дамышыну кьащта унафэм ипкъ иткІэ, Псынщэкъ кІуэжьэм дэт школым егъэджакІуэу икІи военруку щылажьэну ягъэкІуащ.

Зауэр и кІэм нэблагъэрт. Советыдэм бийр, фІэщхъуныгъэ хэлъу, иригъэкІуэтурэ кьыздикІам ихужьырт. Сэри ди ТекІуэныгъэм Іыхьэ гуэр хэслъхьащэрэт жиІэу, Ахьмэд и гум зэрыщыщІэр Дзэлыкъуэ военкоматым кьишщам хуэдэу, 1945 гъэр щыщІидзэм фронтым аргуэру зэрыраджэжьмкІэ повесткэ кьрат.

Абдеж щыщІидзэри, Гындыгъур яхэтащ Полышэр хуит кьэзыщІыжа, Германиер лъэгуажьэмыщхьэу зыгъэува, Эльбэ деж америкэ сэлэтхэм ныбжьэгъуГэкІэ щдахэза ди зауэлІхэм. Империалист Японием Квантун дежи зэщІэлуІауэ кьиГьэтІыса и дзэшхуэр зыкъута ди дзэхэм ящыщ зым хэхуэну кьащІэкІынт Гындыгъур, ауэ 1945 гъэм и фокІадэм Хэку зауэшхуэм и пэкІэ егъэджакІуэу лэжьахэр дзэм хэкІыжьну зэрыхуитым теухуауэ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм кьыдигъэкІа Указым ипкъ иткІэ, Ахьмэд и уэхэ кьожІуэж. Япощ Іыкі3 и адэ-анэр зыхэт колхозым щолажьэ, кьызыхуигъэщІа егъэджакІуэ Іэщ Іагъэм 1948 гъэм пэроувэжри, классибл щІэныгъэ щрату Дзэлыкъуэкъуажэ и ипщэ хьэблэм, Красивый Курган жьыхуаІэм щыІэ школлым щрегъаджэ.

Абы щыгъуэ Гындыгъум и ныбжьыр зэрыхъур илъэс 26-рэт. Ауэ абы куэд ильэГуэут, куэдми яхуэзат, псэзэпылъхьэпІэ зауэ гъуэгуанэ зэпичат. Ар япсыхьат иужьрей илъэсхэм зыхэта Іуэхугъуэ гуащІэхэм, ныбжь зиІэм хуэдэу, гъащІэм хэплъэ лІы кьыхэщыкІат.

Псэм и Іэфіыр - щІэблэм

Бийм зэтрикъута псэуалъэхэр зауэ ныужьым зэрагъэпэщажащ, щыхуІэр зыхуэпІа щІым гъавэ трагъэщІэу щІыпІэ зыхуэдэжащ, ящыхьэкІыжьу Іуэхугъуэ гугъуехьэхэр кьалъыкъуэкІами, кьуажэдэсхэр фІым щыгугъырт. Уэзрыгушхуэ хьун щІэблэ кьащІэхъурт. Гындыгъум занщІэу кьыгурыІуащ, щІэблэр егъэджэныжкІэ езым кьыхуагъафащэ Іэнатіэр зэманым екІуу кьыззэригъэпэщын папщІэ, зауэм и пэкІэ кьиуха классиблымрэ егъэджакІуэхэр щІэгъэпсынщІауэ щагъэхьэзыр курсхэмрэ зэрымащІэр. Хэку зауэшхуэм и орденымрэ медалхэу и бгъэм кьыхэслІыжьыкІэмрэ лэжьыгъэкІи щІэныгъэкІи ягъэфащэу кьыщІэкІыну быдзу мурад ищІат. 1948 гъэм ар щІотІысхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутым ихьэ икІи егъэджакІуэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зрегъэгъуэт. Абдежи кьыщымыувыІэу, Ставрополь дэт Къэрал пединститутри 1959 кьеуэри, Хэку зауэшхуэм тІасхъэщІэх лІыхъужьу хэта, Хэкум и хуитыныгъэм зи псэр щІэзыта Гындыгъу Мухьэмэд и щапхъэм тету, етІуанэ дипломыр - географиемрэ естествознаниемкІэ класс нэхъыжьхэм егъэджакІуэу щылажьэну Іэмал къезытыр - зыІэрегъэхьэ.

... Сэ игъащІэкІэ си гум кьиныжащ Гындыгъу Ахьмэд дыщригъэджа илъэсхэр, кьыдита дерсхэр. Абы и предметыр фІыуэ умылъагъункІэ Іэмал иІэтэкъым. Кьыбжи Іэр зэригъэпс щыкІэм удихьэхырт, и псалъэм уемыдаІуэу утепІэжьукІыфІынутэкъым. ГеографиемкІэ дыщригъаджэкІэ, ар кьэдгъэхьырт "щхьэдэхьырт" школ программэм, указкэкІэ картэм иригкІуэурэ, кьэрыпаи и щІыпІэцІахэм, кьалэхэм я тхыдэм кІэщІу кьытеуыІэрт, классым дыкьыщІишырти, дыщалъхуа щІыналъэм и щІыуэпсым кьэдрэ дыхишэрт, абы и дахагъэр, и кьекІуэкІыкІар тхыдэми нобэрей зэманми кьыхих щапхъэхэмкІэ зыхьидигъащІэрт...

ЩІэблэр егъэджэным хилъхьа гуащІэ иным папщІэ Гындыгъу Ахьмэд кьыхуагъэфэщащ къэралми республикэми кьабгъэдэкІ дамыгъэ лъапІэхэр, щІыхь тхылъэр, ауэ абы дежкІэ нэхъ лъапІэ дыдэр Хэку зауэшхуэм кьыщихьа орденхэмрэ медалхэмрэт. Дзэлыкъуэкъуажэ школым щылажьэ егъэджакІуэхэм я аттестацІэ екІуэкІыу, «Сыт уэ егъэджакІуэ Іэщ Іагъэр кьыщыкъэхар?» упщІэр Гындыгъу Ахьмэд кьратати, абы и жэуапу жиІащ: «Си гъащІэм мыхьэнэ имыІаУ кьэсоГэнэт, ар школым емыпхауэ, щІэблэр егъэджэным, гъэсэным теухуауэ щымытамэ».

Унагъуэ дахэ

Гындыгъу Ахьмэдрэ и щхьэгъусэ Хьэцацэрэ бынитІ - хьиджэбзиблрэ зы щІалэрэ - зэдагъэуэтат. Пльъгъныгъэмрэ зэгурыІуэмрэ я зэхуакум дэмыкІыу бынэр зэдаПІащ, адыгэ хабзэм тету гъэсащ, ирагъэджащ, гъуэгу зырыз ирагъэгъуэтащ. Ахэр сыт и лъэныкъуэкІи зэхуэфащэт. Хьэцацэ и щхьэгъусэм хэпъ хьэлым и нэхъыфІыр - гугъуехьым пэлъэщыну сытым дежи лъэкІыныгъэ зэриІэр - щапхъэу кьэдгъэгъуэнащ. Ар ящІыхьат зэхуэфащэт. Хьэцацэ и щхьэгъусэм и Іэдэбгъыр, шыІэныгъэр кьэдгъэгъуэ хуэхъурт. Уеблэмэ, игъэщІагъуэрт сабийхэр зыхуей хуэгъэзэнкІи кьыздихуэу, лэжьэну зэрыльэкІыр. Гындыгъу Хьэцацэ колхозхэт бзыльхъугъэхэм кьызэрагъэпэща бригадэм щыпашэт. НыбжькІэ нэхъ щІалэу и кьаруилъыгъуэу яхэтти, езым кьыльэуса щІы Іыхьэр ипщІэрти, адрейхэм ядэІэпыкъурт. Сыт хуэдэ Іэнатіэ пэрмыкьуами, ар кьуажэдэсхэм пщІэ ин зыхуащІ и щхьэгъусэм хуэфащэу игъэзащІэрт. Быным ятеубгъуат. И щхьэгъусэми фызыфІ и хабзэкІэ кІэлъыплъырт, лІы кьекІум и щыгъныкІэр кьыщылыдыкІыу цІыхум яхэтхэкІэ. Ахьмэд, зэи жимыІэми, иригушхуэрт апхуэдэ щхьэгъусэм. Хьэцацэ къратащ «Анэм и щІыхь», «Лэжьыгъэм и ветеран», «1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм хилъхьа гуащІэдкІым папщІэ» медалхэр, Щ1ыхь тхылъ куэд кьыхуагъэфэщащ.

Зэманым декІуу, адэ-анэм кьыхалъхьа хьэл-щэныр я Іуэгугъэлъагъуэу мэпсэу Ахьмэдрэ Хьэцацэрэ я бынхэр. Абыхэм я кьуэпсым лъэныкъуэ зидзащ: хэт щалъхуа кьуажэм дэсщ, хэти республикэм и кьалэхэм щопсэу, Москва щылажьи Франджым унагъуэ щызыхууаи яхэтщ. Гындыгъу Ахьмэд Алий и кьуэм и фэеплъыр яхуэмэ абы хиша лъэужьым ириІуэхэм.

БЖЭНЫКІЭ Мухьэб,
КъБР-м щыІэ зиІэ и журналист, УФ-м и телевиденэмрэ радиомрэ я отличник.

Зэпэщу ирохьэлІэ

● Щапхъэ

Дохьушыкъуэй къуажэм дэт «Сэтэней» сабий садыр Аруан щІыналъэм зи цІэр фІыкІэ щыІуахэм хальитэ. Абы щыхьэт теХьэ Іуэхугъуэхэм ящыщщ егъэджэныгъэмкІэ щІыпІэ Іэнатіэм и унафэщІхэр, адэ-анэхэр гъэсапІэм щызэфіах лэжьыгъэмкІэ зэрыарэзыр, куэдым я бынхэр абы ягъэкІуэну зэрыхуэщІэкъур.

ГЪЭСАПІЭМ и унафэщІ Лакъун Риммэ зэрыжиІэмкІэ, Іуэхущ Іапі Іэр зэпэщу ирохьэлІэж 2018 - 2019 гъэ еджэгъуэщІэм. Абы и пэшхэр, зыгтхъэщІыпІэхэр, шхапІэр, джэгупІэ щІыкІуэр кьызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ, лэч щахуащ, зыхуэныкъуэхэм сэху иратащ.

- Сабий садым и пэшхэр зехьэныр и чэзум икІи кьызыхуэтыншэу зэрызэдгъэпэщыжыфам я фІыгъэ куэд хэлъщ къуажэдэсхэм. Абыхэм зыкъытщІагъэкъуащ лэжьыгъэкІи мылъкуКІи, - жеІэ гъэсапІэ Іэнатіэм и унафэщІым. - Апхуэдэу лъэныкъуэ щхьэгъусэ дэІэпыкъуэгъу кьыгъэхъуащ ди жылэм дэт Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш колледжым и унафэщІ Сэхъурокъуэ Анатолий, кьуажэ администрацэм и Іэтащхьэу лэжьа Мырзэ Хьэчим, гъэпсыгъуа махуэшхуэхэм ятеуха зыкъьзэгъэпльэгъуэныгъэхэр, зэхуэсхэр щІэхьщІэхьу щыгъэкІыуэ абы.

Гъэсэныгъэ лэжьыгъэфІ щекІуэкІ а Іуэхущ Іапі Іэм и Іэщ Іагъэлі Іэм кьаухуэарэзыщ къуажэдэсхэр. Нэхъ лъапІэ дыдэу щыІэр - кьытщІэхъуэ щІэблэр - гъэсэныр дзыхь зыхуащІа гуп уэзышэр зэгурыІуэрэ зэдзІуэжу зэдолажьэри, я мурадхэр адэкІи кьайхьуПІэну ди гуапэщ. ЦІыхур япэ дыдэу гъащІэм щІыхьэ лъахэр, сабий садыр, кьытщІэхъуэ щІэблэм я насып кьежьапІэ Тхьэм ищІ.

МЭЩКІУАЩЭ Анетэ.

Цыху Іэпкълъэпкъым щыщхэр

Щхьэм и Іыхьэхэр

Щхьэ - голова.
Щхьэ къупщхьэ (мыр къупщхьэ щхьэхуэ 32 зэгуэгъухэу егуэшыж, шэрыпІ псэущхьэ псоми я зэхуэдэу. 33-рэ зиІэр кхъуэ закъуэращ - и пэ бетакъым и лъабжьэр къыхохьэри) - череп (он ещё подразделяется у всех млекопитающих на 32 парных костей, у свиньи - 33 за счет основания пятачка).
Щхьэц - волос головы.
Щхьэц пъэдакъэ - корень волоса.
Щхьэцыпэ - кончик волоса.
Щхьэ гупэ (сабийхэм - щхьэхэпцІапцІэ) - темя (у детей - родничок).
Щхьэ щІыб - затылок.
Щхьэбгъу - бока головы.
ЩхьэпхэтІыгу - макушка.
НатІэ - лоб.
Набдзэ - бровь.
Набдзэ къупщхьэ - надбровная дуга.
Нэ - глаз.
НэджэдыкІэ (нэр зэрызэрыІыгъуу) - глазное яблоко (глаз в целом).
Нэбжьыц - ресница.
Нэжьгъуц - виски, волосы на висках.
Нэзэрыхъэ - висок.
НэщІащэ - глазница.
НапщІэ - надбровье.
НапІэ - веко.
Нэбжьыц - ресница.
Нэвагъуэ - зрачок.
Нэжьгъ - средняя часть лица.
Нэхужьыбэ - белок глаза.
Нэку - зеница.
Нэкугъуэ - зрачок.
Нэ гъунэ - радужная оболочка.
Нэджыдж - хрусталик.
Нэджащ1э - глазное дно.
Лыбод - бельмо глаза.
Нэгу - общий вид лица.
Нэкіу, нэкіущхьэ - щека.
Нэкіу къупщхьэ - скулы.
НэкІутІэ - полное, одутловатое лицо.
Пэ - нос.
Пэбг (пэшыкъу) - переносица.
Пэгъуанэ (пэбзий) - ноздри.
Пэкукъу - носовая перегородка.
Пэц - волосы внутри ноздрей.
Пэ кіуэц1 - носовая полость.
Пэхъу - большие ноздри.
Пэц1урэ - остроносый.
Пэфыкъ - приплюснутый нос.
Пэсыринэ - гнусавый нос.
ПэтІинэ - курносый нос.
Пэлъащ1э - пэмрэ Іупэмрэ я зэхуакурщ - между носом и верхней губой.
ПащІэ - усы.

Жьэм и пкъыгъуэхэр

Жьафэ - нижняя губа.
Жьэ - рот.
Жьэ кіуэц1 - ротовая полость.
Жьэ къупщхьэ - челюсть.
Жьэгъу - нижняя часть подбородка.
Жьэгъул - второй подбородок.
ЖьэлъэтІанэ - защечная пазуха.
Жьэпкъыпэ - подбородок.
Жьэ1у ищхьэ - верхнее нёбо.
Жьэ1у лъащІэ - нижнее нёбо.
Іупэ - губа.
Дзэ - зуб.
Дзэл - дёсна.
Бзэгу - язык.
Бзэгулъэдакъэ - корень языка.
Бзэгупэ - кончик языка.
Бзэгу къупщхьэхэр (3 мэхъу) - косточки языка (их 3).
БзэгукІэрыщІэ (ищІагъымкІэ) - связка языка (внизу).
ФІынш1э - язычок, закрывающий глотку при глотании.
Тэмакъ - горло.
Тэмакъыщ1эхэр (2 мэхъу) - гланды (их 2).
Къурмакъей - глотка.
Ныбэлыныщ1ым и къежьапІэр - начало пищевода.
Пкъынэпсхэр - голосовые связки.
Іупс - слюна.

Пщэм и пкъыгъуэхэр

Пщэ - шея.
Пщахуэ - шейная связка.
Пщафэ - кожа шеи.
ПщэІупщІэ (псэущхьэ псоми яІэр 7-щ) - шейный позвонок (их 7 у всех животных).
Пщэ лъынтхуэ - сонные артерии.
Пщэгурыгъ - первые шейные позвонки.
Пщэдакъэ - нижние шейные позвонки.
Пщэдыкъ - затылок.
Пщэдыкъ кумб - затылочная ямка.
Пщэдыкъыц - волосы затылка.
ПщэкукъУ - ебланэ пщэІупщІэр ялпэ бгъэІупщІэм щыпыувэращ - сочленение седьмого шейного позвонка с первым грудным.
Пщэл - шейная мышца.
ПщэІупщІэ - шейный позвонок.
Пщэныху - начало спинного мозга, шейный отдел.
Пщэхуэшхуэ - широкая шейная связка.
Пщэц - волосинки шеи.
Къурхъ - верхняя часть глотки.
Псэфылъэ - глотка.
Дамэ - плечо.



Дамэпкъ - пщэ Іупщ1эхэр иухыу бгъэ Іупщ1эм здыпыувэрц - сочленение седьмого шейного позвонка с первым грудным.
Пкъы - корпус, торс.
ПлІэ, плІэІу - спина.

Іэм епха пкъыгъуэхэр

Іэ - рука.
Іэбэлагъ (Іэтхьэмпэ) - кисть руки.
Іэбжьанэ - ноготь пальца руки.
Іэблэ - рука от плеча до кисти.
Іэгу - ладонь.
Іэбгъу - боковая часть кисти руки, ребро.
Іэщ1ыб - тыльная сторона кисти руки.
Іэгуфэ - кожа ладони.
Іэщ1ыфэ - кожа тыльной стороны кисти руки.
Іэдакъэ - часть ладони у запястья.
Іэпэ (Іэпхъуамбэ) - палец руки.
Іэпэ-лъапэ - кончики пальцев.
Іэпкъынэ - суставы пальцев рук.
Іэпхъуамбэшхуэ - большой палец руки.
Іэпхъуамбапщэ - указательный палец руки.
Іэпхъуамбэ курыт - средний палец руки.
Іэпхъуамбэ ц1эрымыІуэ - безымянный палец руки.
ІэпхъуамбэжьакІэ - мизинец руки.
Іэпщэ - запястье.
Іэблэ зэрытпІэ - плечевой сустав.
Іэблэ къупщхьэ - плечевая кость.
ІэфракІэ - локоть.
ІэфракІэ зэрытпІэ - локтевой сустав.
Іэфракіэ къупщхьэхэр (тІу мэхъу) - локтевые кости (их две).
Іэндэгъупэ - Іэфракіэ къэгъэшыпІэ гъурыр - наружный изгиб локтевого сустава.
Іэкіэн - фаланга пальца.
Блэдзыгъуэ - Іэблэм хэлъ лыпцІэ - двуглавая мышца плеча.

Бгъэм ехьэлІа Іыхьэхэр

Бгъэ - грудь.
Бгъэгу - передняя часть груди.
Бгъэч - грудная клетка.
БгъэІукІанэ - хрящ в грудинке.
БгъэІукумб - бгъэчым и щІагъкІэ иІэ кумб цІыкІурц - ямочка ниже грудинки.
Бгъэ Іупщ1э - (12 мэхъу) - грудные позвонки (их 12).
Бгъэ къупщхьэ - переднее соединение рёбер - грудинка.
Блэгущ1э - дамэ зэрытпІэм и щІагъырщ.
Блэгъу - лопатка.
Быдз - женские груди.
Быдзыщхь - сосок груди.
Бынжэ - пупок.
Дзажэ - бок.
Дзажэ дакъэ - грудинка.
Дзажэналъэ (зэгуэгъу 12 мэхъу) - ребро (их 12 пар).
Бгъэджанэ - внутренняя плевральная оболочка груди.
Ныбэлынц1 - пищевод.
Къурмакъей - къыртІ - глотка.
Щ1ыб - спина.

Тхьэмбылыр зэригуэшыжыр

Тхьэмбыл (жьэн) - лёгкие.
Тхьэмбылыкъу - трахея.
Тхьэмбыл джанэ - лёгочная сумка (плевра).
Тхьэмбыл пакІэхэр - дольки лёгких.
Тхьэмбыл къуэпс - ответвления трахеи.
Тхьэмбыл шырыб - альвеола.
Тхьэмбыл лъынтхуэхэр - кровеносные сосуды лёгких.

Гум ехьэлІа Іыхьэхэр

Гу - сердце.
Гуджанэ - околосердечная сумка.
Гущхьэ - предсердие.
Лъынтхуэшхуэ - аорта.
Лъынтхуэхэр - кровеносные сосуды.
Гутхьэкіумэхэр - клапаны.
Гуныбэ ижьыр - правый желудочек.
Гуныбэ сэмэгур - левый желудочек.
Гу лыпцІэ - сердечная мышца.
Гум и псантхуэ зэпыщІэхэр - нервные узлы сердца.
ГуфІэІу - мыр бгъэмрэ ныбэмрэ яку дэлъщ зэхимыгъэхьэу, абы кІуэцІрыкІыр ныбэлынц1 закъуэмрэ лъынтхуэхэмрэщ - диафрагма, расположена между грудной клеткой и животом, не давая соприкасаться их органам, через неё проходят только пищевод и кровеносные сосуды.

Ныбэм илъ пкъыгъуэхэр

Ныбэ - живот, брюшная полость.
КІапцІэ (цІыхум ейращ кІапцІэр, псэущхьэхэм яйр - лъатэщ) - желудок.
КІапцІэм къыкІэлъокІуэ Іэпапіэ 12 кІэтІий цІыкІур - двенадцатипёрстная кишка.
Хьэбзэгупэ - поджелудочная железа.

● ФщІэрэ?

КІэтІий псыгъуэ - тонкий отдел кишечника.
КІэтІий гъум - толстый отдел кишечника.
КІэтІийнэф - слепая кишка.
НэпщІэхапщІэ - брызжейка, на ней подвешены органы брюшины.
Тхьэмщ1ыгъу (ижьымкІэ) - печень (справа).
Зэз - желчный пузырь (на печени).
Чэ - (сэмэгурабгъумкІэ) - селезёнка (слева).
Жьэжьей - тхым и бгъуатІым жьэжьейхэр кІэрылъщ бынжэм хуэзанщІэу - почки.

Шхужьым хиубыдэхэр

Шхужь (тхыбзиймрэ шхужь къупщхьэхэмрэ къагъэщІ, кІэмыщтыкъри яхэту) - таз (образуют тазовые кости, подвздошные и крестец с копчиком).
Шырыб - мочевой пузырь.
Куэтэн - прямая кишка.
Лъхуадэхэр (бзылъхугъэхэм) - яичники (у женщин).
Лъхуалъэр (бзылъхугъэхэм) - матка (у женщин).
УкІыталІэм пыщІа пкъыгъуэхэр (цІыхухъухэм) - придатки половых органов (у мужчин).
Пхэ - зад.
Пхэщ1 - ягодица.
Щахэ - пах.
УкІыталІэ - срамное место, половые органы.
Куэбзэпс - ныбэ щІагъымрэ куэхэмрэ я зэпытыпІэ екІуэкІхэрщ - места соединения таза с бёдрами.
Тхыныху - широкая связка спины.

Лъакъуэм и Іыхьэхэр

Лъакъуэ, лъэ - нога.
Шхужьымрэ куэмрэ я зэрытыпІэ - тазобедренный сустав.
Куэ - бедро.
Куэ къупщхьэ - бедренная кость.
Лъэгуажьэ зэрытыпІэ - коленный сустав.
Лъэгуажьэтес, асмыж - коленная чашечка, надколенник.
Лъэгуажьэпэ - передняя часть колена.
Лъэгуажьэ щІагъ - задняя часть коленного сустава.
Лъэдий - голень.
Лъэдий къупщхьэхэр (тІу мэхъу) - кости голени (их две).
Лъэдий лыпцІэ (лъэнкІапІэнэгэгъу) - икроножная мышца.
ЛъэнкІапІэ - икра.
ЛъэнкІапІащхьэ - верхняя часть икр, ближе к колену.
Лъапщэ - нижняя часть голени.
Лъащхьэ зэрытыпІэ - голеностопный сустав.
Лъэщхьэвэ - подъём ноги.
ЛъэкІэн - лодыжка - щиколотка, фаланга пальца ноги
Лъапэ - передняя часть ступни, носок.
Лъэгу - стопа.
Лъэбгъу - наружный край ступни.
Лъэгудыгъуэ - подъем с внутренней стороны ступни.
Лъэгудыгъуэншэ, мыщэ лъэгу - плоскостопие.
ЛъэкІуэц1 - внутренний край ступни.
Лъэпкъынэ - кисть стопы.
Лъэпкъынэ зэрытыпІэхэр - суставы стопы.
Лъэдакъэ - пятка.
Лъэдакъэ къупщхьэ - пяточная кость.
Лъэдакъэхуэ - ахиллово сухожилие.
Лъэпхъуамбэ - палец ноги.
Лъэпхъуамбэшхуэ - большой палец ноги.
Лъэпхъуамбапщэ - второй палец ноги.
Лъэпхъуамбэ курыт - третий (средний) палец ноги.
Лъэпхъуамбапэ - второй палец от мизинца.
ЛъэпхъуамбэжьакІэ - мизинец ноги.
Лъэбжьанэ - ногти.
Лъэгудыгъуэ - выемка подошвы ноги с внутренней стороны.

Зыгъэхьэзырар
ШЭРДЖЭС Алийщ.

● Усакіуэ, тхакіуэ ц1эрыІуэ, публицист Къуиикъуэ Налбий къызэралъхурэ илъэс 80 ирикъуащ

«Сытхэну сыщытІысым деж уафэр зэлъыІукІым хуэдэщ»

Адыгэ усакіуэ, прозаик, драматург, публицист, жылагъуэ лэжьакіуэ ц1эрыІуэ Къуиикъуэ Налбий Инус и къуэр Адыгэ Республикэм и Теучэж районым хыхьэ Къунчыкъухьэблэ къуажэм 1938 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м къыщалъхуащ. 1957 гъэм Адыгей къэрал институтым щІэтІысхьащ. ЕджапІэр къыщиуха 1962 гъэм къыщыщІэдзауэ 1978 гъэ пщІондэ «Социалистическэ Адыгей» газетым корректору, корреспонденту щылэжьащ. 1978 - 1991 гъэхэм щІыпІэ радиом адыгэбзэмкІэ и къудамэм и унафэщІу. 1991 - 1993 гъэхэм «Гуаузэ» газетым и редактор нэхъыщхьэу щытащ. 1993 - 1997 гъэхэм Адыгэ Республикэм и радиом и унафэщІу лэжьащ. 1997 гъэм республикэм и тхылъ тедзапІэм и редактор нэхъыщхьэ, АР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ къалэнхэр зэдигъэзэщІащ.

Налбий и Іэдакъэм къыщІэкІащ усэхэр, поэмэхэр, пьесэхэр, рассказхэр, повестхэр, шыпсэхэр, «Адыгэ хабзэ» тхылъыр. Къуиикъуэр адыгабзэм и диалектитІымкІи урысыбзэкІи тхэуэ щытащ. Урысыбзэкіэ дунейм къытехьа и тхылъхэм ящыщщ «Танец надежды» (1979 гъэ), «Светлый друг» (1982 гъэ), «Звезда близка» (1984 гъэ), «Продрогшая вишня» зыфІищахэр. И тхыгъэ щхьэхуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм, Тбилиси, Урысейм и кІалэ зэмылІэужьыгъуэхэм, хамэ къэралхэм щыщу Болгариием, Тыркум, Сириием, Израилым къыщыдзкІ газетхэмрэ журналхэмрэ къытехуащ. Шекспир Уильям и «Укрощение строптивой», Гольдони Карлэ и «Хозяйка трактира», Мольер Жан-Батист и «Тартюф», Гоголь Николай и «Ревизор», Чехов Антон и «Иванов» тхыгъэхэр, куржы, чех, нэмыцэ усакІуэхэм я усэ щхьэхуэхэр адыгэбзэм къригъэззэгъащ. Гуащэ театрым папщІэ пьесэхэр адыгэбзэкІи урысыбзэкІи и Іэдакъэ къыщІэкІащ. Къыхэгъэщыпхъащ, Испаниием щекІуэкІа кинофестивалым и саугъэт нэхъыщхьэр зыльаргъэса «Сумерки надежд» ялпэ адыгэ художественнэ фильмым и сценарийр Къуиикъуэ Налбий зэриторхар, гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакІуэ пажэхэм ятеухуа теленэтынхэр зэригъэхьэзырар.

Къуиикъуэ Налбий СССР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм 1974 гъэм хагъэхьащ. Усакіуэм и гущІэр къалъытэри, «Адыгэ Республикэм гъуазджэкэмкІэ щыІэхь эиІэ и лэжьакІуэ» ц1эр къыфІащащ, Адыгейм и Къэрал, Къандур Иззэт и ц1экІэ ягъэуба дунейпсо саугъэтхэм я лауреат хъуащ.

И ныбжьыр илъэс 70-м иту, 2007 гъэм Къуиикъуэ Налбий дунейм ехьжащ. ТхакІуэр Мейкъуапэ кІалэм щыщІалъхьжащ.

Адыгэу укъэнэну тыншкъым

Усакіуэ, прозаик, драматург, гупсысакіуэ Къуиикъуэ Налбий дунейм зэрехьжрэ илъэсипщІ ирикъуащ.

Зэманыр псынщІэу макІуэ, ауэ адыгэ лъэпкъым и къуэ нэхъыфІхэм ящыщ Налбий и ц1эр тщыгъупщэркъым. Ди къэралми адыгэр щыпсэу нэгъуэщІ щыналъхэми щыцІэрыІуэт ар.

ГъащІэ къэзыгъэщІа сэ къэскІуа гъуэгуанэм куэдым сащыхуэзащ. Язныкъуэхэр ныбжьэгъу схуэхъуащ, адрейхэр спэІэщІэ хъуащ, гуми къемыуэу. Къуиикъуэ Налбий къызэрысцІыхуар насыпышхуэу къызолъытэ. Зи псалъэмрэ зи Іэхуащ1афэмрэ зэтехуэ щ1ыху иджыри дунейм зэрытетыр аращ быдзу си фІэщ зыщІар.

Журналист, усакІуэ, прозаик, драматург... Сытым абы и гур нэхъ хуэгъэзат? Абы и жэуапри хьэзырщ. А псори зэуэ Налбий хэуухэнат, зыр зым дигъэІэпыкъуу. Ар ц1ыху тыншт, къызэрыгуэкІт, псэльэгъу бэлыхьт. ТхакІуэр уэрамхэм сыщацІыхуат. Налбий къэзыцІыхуу дэтхэнэри къыбгъэдыхьэрэ сэлам кърахьт, къепсальэрт. Абы и лъэпкъыр сфІыуэ ильагъурт, езыри сфІыуэ къальагъурт, пщІэшхуэ къыхуащІырт. ГъащІэм хилъагъуэ мыхъумыщІагъэхэм щытепсэльыхькІэ къыпэрыуэну зыми къыщІрамыкурапарат.

Къуиикъуэ Налбий лъэпкъым и напэщ. Адыгэм фІыщІэ хуэфащэщ апхуэдэ ц1ыху зэригъэсам папщІэ. Ар дунейм щыехьжам тфІэкІуэдар щыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ зэман дэкІмэщ къыщыдгурыІуэнур. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, абы хуэфащэ гулыщтэ псэу щІыкІэ хуэтщІакъым.

Куэд щІат сэ Къуиикъуэ Налбий зэрысцІыхуэр, ауэ дыззэнэІуасэтэкъым. Уэрамым дыщыззэрихьлІэмэ, сэлам зэтехырт, дызэпсальэрт, усэ зэритхми сыщыгъуаззт. Налбий и къуэш Асфар нэхъ гъунэгъуэ дызэригъэщІыхуащ. Абы щыгъуэм Налбий радиом щылажьэрт. Си усэхэм езгъэджкІу щыжиІэм, щы къыгъэсхэри хуэсхьащ. Абыхэм кьеджэри къызэпльащ, къытригъэззэжу кьеджа нэужь, и щхьэр къиІэтри: «УсэфІхэщ, ауэ лъыкІэ гъэнщІащ», - жиІащ. ЗэкъуэшитІымрэ сэрэ а махуэм усыгъэм куууэ дытепсэлъыхьащ. Налбий адыгэбзэкІэ сыщІэмытхэм и щхьэусыгъуэм щІэупщІащ. Сэ жеІащ адыгэбзэр зэрызмыджам къызхэІыу, псэм щыщІэр, гурыгъу-гурыщІэхэр ди бзэмкІэ къызэрысхуэмыІуатэр. Абдеж щыщІэдзауэ зыр адрейм и тхыгъэхэм дыкІэлъыплъурэ дыкъэгъуэгурыкІуащ. Адыгэбзэкіи урысыбзэкіи итхахэм сфІэфІу седжэрт, и пьесэхэм къытращыкІащ Лъэпкъ театрым щагъэльагъуэ спектаклхэми сыдахьэхат.

И тхыгъэхэм щыщ гуэрхэр лъэпкъ Іуэрыіуатэм пэгъунэгъут. Пыухыкіауэ ц1ыху щхьэхуэхэмрэ Іуэхугъуэхэмрэ теухуами, зи гугъу ищІхэр къэхъуфынут блэкІа, къэкІуэну зэманхэми, ди нобэми. Къыхэгъэщыпхъащ, Налбий нэхъыбэу зыгъэгузавэу щытар зэманыр зэрыармырар, атІэ ц1ыхухэм я зэхущытыкІэхэмрэ я Іуэхущ1афэхэмрэт.

Къуиикъуэ Налбий дунейм ехьжа нэужь, и шыпхъу Дарихъан мыр къызэкІэжат. Налбий и къуэш нэхъыщІэ Асльэнбэч и деж унагъуэр щызэхуэсжауэ махуэшхуэ гуэр яГъэльапІэрт. Налбий Іэнэм къыпэрыкІащ, тутын ефэну. И шыпхъур бгъэдыхьэу итхэр къыздрихыжкІэ щеупщІым, «СщІэркъым, сытхэну сыщытІысым деж уафэр зэлъыІукІым хуэдэщ», - жиІащ Налбий.

Иджыри зы щапхъэ къэсхьынщ. ТхакІуэ Іэзэ Немченкэ Гарий илъэс 70 зэрырикъур дгъэлъапІэрт. Хъуэхъу жызыІэхэр куэдт. Налбий чэзыр къыщылъысыж, и псалъэхэм Іэгуаузыхуэ хуаІэтащ. Пшыхьыр и кІэм щынэблагъэм, Гарий къэтэджри, псоми фІыщІэ яхуищІащ. ИтІанэ, Налбий и хъуэхъу псоми къахигъэщу, жиІащ и тхылъыщІэм ар пэублэ хуищІыну зэримурадыр. Къэсхьынщ а псалъэхэр: «Вот я адыг, в 50 лет меня назвали известным поэтом, в 60 лет выдающимся. Скоро мне 70, и я с лёгкой душой и, без всякого сомнения, жду очередного повышения. Я не возражаю. У нас, адыгов, свои правила мерки. По этим меркам Гарий Леонтьевич должен быть, ну хотя бы чуток, повыше меня»...

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, тхакІуэр илъэс 70 ирикъуным мазитІ къудей иІэжу дунейм ехьжащ. Налбий и тхыгъэхэр школхэмрэ еджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ щІэдж, и гъащІэмрэ и гущІэмрэ я ятеухуа диссертацІэхэр ятх, и пьесэхэмкІэ яГъэуба спектаклхэр театрым щагъэльагъуэ. ТхакІуэм къыщІэнахэр хуолажьэ фІыуэ илъагъуу щыта лъэпкъым и зыужьыныгъэм. И тхыгъэхэм тхылъеджэхэр фІым, лъагъуныгъэм, гуапагъэм хуаІуэсыж.

Ди лъэпкъэгъуэхэр къыщыхута хамэ щІыпІэм адыгэу укъыщынэныр тыншкъым. Ауэ, захъумэжьын зэрыхуейр къагурыІуэу, я лъабжьэр, бзэр, хабзэр нэгъуэщІ лъэпкъхэм ейм зэрыхамыгъэшыпсыхьэжыным хущІокъу. Зи хэку имысыжу ар къызэхъулІэжьэм пщІэрэ фІыщІэрэ ягъэфащэщ. Къыщалъхуа щІынальэм щыпсэу адыгэхэми ар тыншу къыздэхъулІэркъым. Уи хэку ущисыжым и деж зыми лъакъуэпэщІэдз къыпхуимышІыну къыщІохъу. Ауэ дэтхэнэ къуэгъэнапІэми абы ущрихьэлІэнкІэ хъунущ. Аращ Налбий мы псалъэхэр щІитхари: «Адыгэм и щхьэр ихъумэжьыным и щІынальэми щыщІэбэнын хуей мэхъу».

ЧЭМОКЪУЭ Долэтбий,
усакіуэ.

Гъэ еджэгъуэщІэм зыхуащІ

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщапщытэ еджапІэхэр гъэ еджэгъуэщІэм зэрыхуэхьэзырыр.

РЕСПУБЛИКЭМ щыІэ МВД-м, УФСБ-м, МЧС-м, Росгвардием я ІэнатІэхэм, апхуэдэуи КъБР-м Цыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхугъэмкіэ и министерствэм я лэжьакІуэхэм къапщытащ республикэм и еджапІэхэр гъэ еджэгъуэщІэм зэрыхуэхьэзырыр.

Къэпщытэныгъэхэм я зы Іыхьэм комиссэм хэтащ Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и Управленэм дэлажьэ Жылагъуэ советым и лІыкІуэ Бэгъуэт Хьэмидбий.

А гупым щІапщытыкІащ Іуэхущ1апІэ 25-рэ, школхэр, сабий садхэр, нэхъыщхьэ, курыт еджапІэхэр, абыхэм егъэщІылІа щІыпІэхэр.

КъБР-м щыІэ МВД-м Полицэм и участковэ уполномоченнэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныкІэ, бадарыкъ мыхъуахэм я Іуэхуэмкіэ и къудамэм и инспектор Чэрим Дахэнагъуэ зэрыжьІамкІэ, ныкъусаныгъэ зыбжанэ къыщІагъэщІат, ахэр щагъэззэкІуэжыну пІалъэр хуагъэуващ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Ар зэрыщытар

Тхыдэм хыхьэжа СССР-р

Илъэс зыкъом лъандэрэ Беловежскэ мэзыр СССР-р зэрыльэлъэжам и дамыгъуэ зыкоІуэкІ. Ауэ щыпІэм зыри илэжьакъым, Іейкіэ тхыдэм къыхэнам: Совет Союз лъэщым и мащэр арынщами къатІакІэт.

ТХУЩІ гъэхэм КПСС-м и ЦК-м мы мэзым щригъэуху хат «Вискупи» зыфІаща унэр... Ар щакІуэ кІуэ къульыкъуіэшхуэхэм я хэщІапІэт икІи хуабжьуи щынагъуэншэт: гъунэгъуу щыІэт дзэ-хьэуа базэ. 1991 гъэм мы щІыпІэр дунейпсо тхыдэм хыхьащ, СССР-р зэрагъэльэлъэжьым теухуа тхыльым Іэ щытрадзэри.

ГъэщІэгъэнщ, ауэ абы щыгъуэ къэхъуар Союзым щыпсэу цІыху мелуан 290-м щыщу куэдым къафІэІуэхуакъым. Псоригуэй хъуат, псори зэпэубыдат. Властыр егъэлеиуэ лъэрымыхьт. Ар къагъэсэбэпри, фІы зигу имыльэкъм цІыхухэр щызэщІагъэсту щІадзащ щІыпІэ-щІыпІэхэм. - 1986 гъэм Алма-Ата, 1988 гъэм Тбилиси, Сыхъум, Фергана, 1990 гъэм Бакурэ Душанберэ, Карабахрэ Ошрэ лъы щагъэжащ. Ауэ а псори Кремлым имыльагъу хуэдэт.

Парт къулыкъущІэшхуэхэм я псальэхэмрэ Іуэхухэмрэ зэтехуэрэтхъым. СССР-м и Конституцуэу 1977 гъэм къащтам иратхат: «Совет Союзыр (суверениэ) зи щхьэ хущытыкъ республикэхэу зэхэтщ». Абы илъэкІыжьыпІэкІэ къокІ дэтхэнэри щхьэхуэу псэуну хуиту. Арщхьэкіэ властыр щыльэщам ар, уеблэмэ, ягу къэкІынуи тегушхуакъым. Иджы жьэ ятъуэтащ... Баку къыщыкъуахэр къигъэсэбэпри, псом ягъуэ (1990 гъэм и щыишылэм) езым и суверинитет къищтащ Нахичеванскэ АССР-м. Абы и щапхъэм ирикІуащ Литвармрэ Куржымрэ. Хамэ унафэ зэрыщІэмытыр иужькІэ жаІащ Эстониеми, Латвиеми, Молдавиеми, Армениеми - СССР-р лъэльэжьыр. 1991 гъэм и щыщхьэУІум ар къызэтригъэувыІэну хэтащ ГКЧП-м. СССР-м и япэ президент Горбачёвым а зэманым зэрызиІыгъ щыкІэр щалъагъум и пщІэр щІыхьэхэм я пащхьэм щехуэхащ. Езы ГКЧП-м и гугъу пщІымэ, абы къэралыр къримыгъэла къудейкъым, атІэ ар лъэльэжьынри щІигъэхуэбжьащ, СССР-р зыунэтІ къаруу нэхъыщхьэ КПСС-р, цІыху мелуан 19 зыхэтыр, зэбгрыкІыжащ.

Иджы куэд тражыІыхь мыбы: Китаймрэ щапхъэм тету КПСС-м СССР-р рынок экономикэм хуэкІуэным теухуа зэщІэхъееныгъэр езым и Іэмэ щІигъэувамэ, дэ мы зэманым псори къыдэхъуапсэу фІыуэ дыпсэунут.

Пэжу къыщІэкІынущ. Ауэ къэралыр зыкъутэжахэм цІыхухэм яфІ гуэри зэрахуакъым, хэбгъэзыхьмэ, абы егупсысыхакъым. Ельцин Борис зыхуэйр зы закъуэт: властыр зыІэригъэхъуэ ильагъу мыхъу Горбачёв тридзынырт. А мурадыр зригъэхъулІэн папщІэ сытри ищІэнут.

Ауэ ар хабзэм зыгуэркІ иратхэзэгъэн хуейт. Ягу къэкІыжащ 1922 гъэм Совет Социалист Республикэхэм я Союзыр къызэгъэпэщыжьмэ теухуа зэгурыІуэныгъэ зэзыщыІэр Урысейр, Украинэр, Белоруссиер, Закавказье социалист федеративнэ совет республикэр зэрыарар. Абы къыхэхІыу мыдрейхэр хуит хъуа хуэдэт зэгурыІуэныгъэр якъутэжыну. Апхуэдэуи ящІащ. Республикищым я Іэтащхьэхэр махуэкІэ щакІуэрт, пщыхьэщхьэм ефэрт. ЗэгурыІуэныгъэщІэм елэжьыр Іэщ-щІагъэлІ гупхэр.

Журналистхэм иджы къатІэщІыж зыкъомкІэ куэд.

ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, Белоруссиеми и Совет Нэхъыщхьэм и унафэщІ Шушкевич Станислав и гугъар щІыдагъэмрэ газымрэ езым и республикэм и щыналъэм пхрыригъэщыным тепсэлъыхьыныщ. Украинэм и президент Кравчук Леонид къагъэдэІуэнри тынштэкъым: абыр я Ельцин Борисрэ зэхуэткІийт. Апхуэдэу щыхъум, Шушкевич иригъэпсэлъащ. Тхылъ Плъыжьым иратха домбейр къиуукІыну Іэмал зэригъэуэтынур къыщицІэм, щэкІуэным дихьэх Кравчук арэзы хъуащ. Къэзахъстаным и Іэтащхьэ Назарбаев НурсулътІани ирагъэблагъат, ауэ яхуэкІуакъым.

Арати, 1991 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м «Вискули» щызэхуэзащ лыщхьищыр. ИщхьэкІэ къызэрыдгъэзэгъуащи, СССР-р зыкъутэжьыну хуэйр урысей лъэныкъуэрт. Адрейхэм нэхъыбэу зэрахуэр газымрэ щыдагъэмрэ я япыщІа Іуэхухэрт. Пэжу, Кравчуки Шушкевичи зэгуагъэпырт Горбачёвыр къаззэрепэгэкІым: абыхэм къальытэрт Ельциным нэхъ тыншу гурыІуэфынэ.

ЗэІущІэр щэху дыдэу ирагъэкІыжырт. Абы къыхэкІыу зыпэмыплъахэм Іууэрт. Псалъэм и хьэтыркІэ, щакІуэ унэм ксерокс щІэмыту къыщІэкІащ. ТхылъымпІэхэм я копиехэр зыІэрагъэхьэн папщІэ ахэр тІэунейрэ телефаксым щІагъэкІын хуей хъуат. Зыри хэІущІыу ямыщІын папщІэ тхылъымпІэхэр зэрыбгІэ тезыдзэр зы щІыхуб закъуэт. Лэжьакіуэ гупым зэгурыІуэныгъэм и проект игъэхьэзыращ, арщхьэкІэ цІыхубзым и пэшыр гъэбдати, тхылъымпІэхэр бжэм дІыащ. Пщыдджыжьым къакІуэмэ, тхылъымпІэхэр дэлъыжкъым, бжэри зэрыгъэбыдащ. ХъунмакІуэхэм ягъэкІыжьыщІыжащ. ИужькІэ зыгуэрым игу къэкІащ ГъэнхкІий зэрылъ пэгуным иплъэну. КъызэрыщІэкІамкІэ, машинисткэм ягъэ къэкІуа пхъэнкІакІуэм лъэгум илъ тхылъымпІэхэр зэщІикъуат...

Ельцинри апхуэдизкІэ епІэщІэкІыри, проектми елІэІакъым. Абы щыгъуэм, «Дызэрызэгъхьам хуэдэу дызэбгъэдэкІыжынщ» жиІэу къигъэувамэ, Курымри, Приднестровьери, нэгъуэщІ щыналъэ Іэджи Урысейм псалъэмакъыншэу къыхуэнэнут. БлэкІар блэкІащ, абы къыпхуегъэгъэзэжынукъым. 1991 гъэм дыгъэгъазэм и 8-м сыхьэт 16-м СССР-р зэрыщымыІэжьыр жаІащ.

● КъулыкъущІэхэр

Дэнэ здэщыІэр захуагъэр?

Урысейм и Къэзыбж палатэм и унафэщІ Кудрин Алексей иджыблагъэ къыхилъхьащ къэрал къулыкъущІэхэм я бжыгъэр Іыхьэ щащэкІэ ягъэмэщІэну: абыхэм я лэжьыгъэр тыншу зэфІагъэкІыфынущ электрон Іэмэпсымэхэм.

ШЫНАГЪУЭР къулыкъущІэхэр зэрыбагъуэм и закъуэкъым, атІэ къабгъэдэкІ жэрдэм мыхьэнэншэхэращ. КъызэхэкІри гурыІуэгъуэщ: унафэщІуэкІэ улажьэу закъыфІэбгъэщІын, щІэ гуэрхэр къыхэплъхьэн хуейщ. Мыбдежьым мыхьэнэ иІэкъым ахэр фІыми Іейми: нэхъыщхьэр жэрдэмырщ...

Журналист щІэрыІуэ, президент Ельцин Борис и пресс-секретарэу щыта Костиков Вячеслав ар аргуэру дигу къыщигъэкІыж «Аргументы и факты» газетым. Псалъэм и хьэтыркІэ, абы егъэщІагъуэ Федерацэмкіэ Советым зэпымыууэ пыщІауэ щызыгъэт «Рупор» Іэмэпсымэхэмкіэ сенаторхэр зэщІэуэздэным теухуауэ къыхалъхьа жэрдэмыр. НаІуэу зэрыщытщи, ищхъэ палатэм экономикэм ехьэлІа кІалэни, къэралыр зехьэным егъэщІылІа нэгъуэщІ Іуэху гуэри зэфІигъэкІыркъым. АтІэ сенаторхэр пІэщІэгъуэкІэ ираджэн папщІэ сыт хуэдэ щытыкІэ зэфІэувэн хуей? А упщІэм ФС-м и спикер Матвиенка Валентинэ гушыІэу мыпхуэдэ жэуап иритащ: «Дызэхуэзэш хъужькъуэмэ, дызэрыльагъуэн папщІэ».

Дыхьэшхэнщ, ауэ ар икІи дыхьэгъщ. УФ-м Статистикэмкіэ и къэрал комитетым къитахэм ятепщІыхьмэ, 1991 гъэм и ужькІэ къэралым и щІыналъэм хэпщІыкІыу хэщІами, къулыкъущІэхэм я іраджэн папщІэ щІыпІэ щІыкІ зэрыщІэкІ. Ар ежьэ щІыгъэт «Рупор» Іэмэпсымэхэмкіэ сенаторхэр зэщІэуэздэным теухуауэ къыхалъхьа жэрдэмыр. НаІуэу зэрыщытщи, ищхъэ палатэм экономикэм ехьэлІа кІалэни, къэралыр зехьэным егъэщІылІа нэгъуэщІ Іуэху гуэри зэфІигъэкІыркъым. АтІэ сенаторхэр пІэщІэгъуэкІэ ираджэн папщІэ сыт хуэдэ щытыкІэ зэфІэувэн хуей? А упщІэм ФС-м и спикер Матвиенка Валентинэ гушыІэу мыпхуэдэ жэуап иритащ: «Дызэхуэзэш хъужькъуэмэ, дызэрыльагъуэн папщІэ».

Щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм къриКІуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Малка**» (Малкэ) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - **6:7**, (Хьэтlохъущыкъуей) - **2:3**.

Зэхьэзэхуэм и къыкІэлъыкІуэ джэгугъуэм щызэІущІэнущ «Нарт» - «Нартан», «Бедик» - «Автозапчасть», «Шэрджэс» - «Налшык»,«Псыкуэд»-«Малка», «ЛогоВАЗ» - «Къундетей», «Хьэтlохъущыкъуей» - «Кёрт-», «Союз» - «Ислъэмей», «Тэрч» - «Родник» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2018 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Автозапчасть»	19	16	1	2	74-21	49
2. «Ислъэмей»	18	13	2	3	53-23	41
3. «Налшык»	19	12	3	4	60-27	39
4. "Тэрч»	18	11	2	5	39-26	35
5. «Хьэтlохъущыкъуей»	19	10	3	6	44-39	33
6. «ЛогоВАЗ»	19	9	1	9	43-55	28
7. «Малка»	19	8	4	7	53-45	28
8. «Родник»	19	8	3	8	41-45	27
9. «Нартан»	19	8	2	9	34-45	26
10. «Псыкуэд»	19	8	1	10	58-69	25
11. «Союз»	19	7	4	8	49-58	25
12. «Кёрт»	19	7	2	10	36-43	23
13. «Къундетей»	19	6	2	11	40-54	20
14. «Нарт»	19	4	4	11	33-48	16
15. «Бедик»	19	4	1	14	38-62	13
16. «Шэрджэс»	19	2	1	16	18-53	7

● ТхылъыщІэ

Екатериноград станицэр игъэлъапІэу

Налшык къалэ дэт, Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІащ илъэс 240-рэ зи ныбжь, 1780 гъэхэм Кавказ губернием и къалащхьэу щыта Екатеринградскэ станицэм теухуа тхылъ.

ТХЫЛЪ тедзапІэм и редактор нэхъыщхьэ Котляров Виктор къызэрыкІыгъащ, зи гугъу тщІы лэжьыгъэр зи ІэдакъэщІэкІ, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат Тютюнинэ Евгение иужьрей илъэсхэм ди щыналъэм и блэкІам теуху тхылъ зыбжанэ къыдигъэкІащ. Апхуэдэхэщ: «Грани региональной истории XIX-XX вв.», «Моя Пушкиниана», «Живой отголосок прошлого: Жизнь и творчество писателя Евгения Баранова», «Краеведческая мозаика», «Поселения Кабардино-Балкарии XVIII-XX вв.» тхылъхэр.

ТХЫлЪ тедзапІэм и редактор нэхъыщхьэ Котляров Виктор къызэрыкІыгъащ, зи гугъу тщІы лэжьыгъэр зи ІэдакъэщІэкІ, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат Тютюнинэ Евгение иужьрей илъэсхэм ди щыналъэм и блэкІам теуху тхылъ зыбжанэ къыдигъэкІащ. Апхуэдэхэщ: «Грани региональной истории XIX-XX вв.», «Моя Пушкиниана», «Живой отголосок прошлого: Жизнь и творчество писателя Евгения Баранова», «Краеведческая мозаика», «Поселения Кабардино-Балкарии XVIII-XX вв.» тхылъхэр.

КъЖР-м и дэфтэр хъумапІэм илъэс куэдкІэ щылажьа цІыхубзым ди нэгум къыщІегъэувэ Екатериноградскэ станицэм и тхыдэ напэкІуэцІхэр, а зэманым щІыпІэм щыпсэуа цІыхухэм я ІуэхущІафэхэм щыгъуазэ дыхуещІ. 1777-1860 гъэхэм быдапІэу, къалэу, станицэу, иужькІэ жылагъуэ псэупІэу зэрыщытам, апхуэдэуи 1860 гъэм щегъэжьауэ 1917 гъэм нэблагъэ ягъэ и зыужьыкІаем авторыр къыхэтутпсэлъыхь. ЕтІуанэ Іыхьэр теухащ сочет власткІ щыІэзэфІэува 1917 гъэм къыщыщІэдзауэ ди нобэм късэыху. Тхылъыр купщІафІэу зэрыщытым и мызакъуэу, икІи дахэщ, суретхэр, дэфтэрхэр куэду къыщыщхьащ.

МАХУЭЩ Шумахуэ.

● Ар зэрыщытар

Тхыдэм хыхьэжа СССР-р

Илъэс зыкъом лъандэрэ Беловежскэ мэзыр СССР-р зэрыльэлъэжам и дамыгъуэ зыкоІуэкІ. Ауэ щыпІэм зыри илэжьакъым, Іейкіэ тхыдэм къыхэнам: Совет Союз лъэщым и мащэр арынщами къатІакІэт.

ТХУЩІ гъэхэм КПСС-м и ЦК-м мы мэзым щригъэуху хат «Вискупи» зыфІаща унэр... Ар щакІуэ кІуэ къульыкъущІэшхуэхэм я хэщІапІэт икІи хуабжьуи щынагъуэншэт: гъунэгъуу щыІэт дзэ-хьэуа базэ. 1991 гъэм мы щІыпІэр дунейпсо тхыдэм хыхьащ, СССР-р зэрагъэльэлъэжьым теухуа тхыльым Іэ щытрадзэри.

ГъэщІэгъэнщ, ауэ абы щыгъуэ къэхъуар Союзым щыпсэу цІыху мелуан 290-м щыщу куэдым къафІэІуэхуакъым. Псоригуэй хъуат, псори зэпэубыдат. Властыр егъэлеиуэ лъэрымыхьт. Ар къагъэсэбэпри, фІы зигу имыльэкъм цІыхухэр щызэщІагъэсту щІадзащ щІыпІэ-щІыпІэхэм. - 1986 гъэм Алма-Ата, 1988 гъэм Тбилиси, Сыхъум, Фергана, 1990 гъэм Бакурэ Душанберэ, Карабахрэ Ошрэ лъы щагъэжащ. Ауэ а псори Кремлым имыльагъу хуэдэт.

Парт къулыкъущІэшхуэхэм я псальэхэмрэ Іуэхухэмрэ зэтехуэрэтхъым. СССР-м и Конституцуэу 1977 гъэм къащтам иратхат: «Совет Союзыр (суверениэ) зи щхьэ хущытыкъ республикэхэу зэхэтщ». Абы илъэкІыжьыпІэкІэ къокІ дэтхэнэри щхьэхуэу псэуну хуиту. Арщхьэкіэ властыр щыльэщам ар, уеблэмэ, ягу къэкІынуи тегушхуакъым. Иджы жьэ ятъуэтащ... Баку къыщыкъуахэр къигъэсэбэпри, псом ягъуэ (1990 гъэм и щыишылэм) езым и суверинитет къищтащ Нахичеванскэ АССР-м. Абы и щапхъэм ирикІуащ Литвармрэ Куржымрэ. Хамэ унафэ зэрыщІэмытыр иужькІэ жаІащ Эстониеми, Латвиеми, Молдавиеми, Армениеми - СССР-р лъэльэжьыр. 1991 гъэм и щыщхьэУІум ар къызэтригъэувыІэну хэтащ ГКЧП-м. СССР-м и япэ президент Горбачёвым а зэманым зэрызиІыгъ щыкІэр щалъагъум и пщІэр щІыхьэхэм я пащхьэм щехуэхащ. Езы ГКЧП-м и гугъу пщІымэ, абы къэралыр къримыгъэла къудейкъым, атІэ ар лъэльэжьынри щІигъэхуэбжьащ, СССР-р зыунэтІ къаруу нэхъыщхьэ КПСС-р, цІыху мелуан 19 зыхэтыр, зэбгрыкІыжащ.

Иджы куэд тражыІыхь мыбы: Китаймрэ щапхъэм тету КПСС-м СССР-р рынок экономикэм хуэкІуэным теухуа зэщІэхъееныгъэр езым и Іэмэ щІигъэувамэ, дэ мы зэманым псори къыдэхъуапсэу фІыуэ дыпсэунут.

Пэжу къыщІэкІынущ. Ауэ къэралыр зыкъутэжахэм цІыхухэм яфІ гуэри зэрахуакъым, хэбгъэзыхьмэ, абы егупсысыхакъым. Ельцин Борис зыхуэйр зы закъуэт: властыр зыІэригъэхъуэ ильагъу мыхъу Горбачёв тридзынырт. А мурадыр зригъэхъулІэн папщІэ сытри ищІэнут.

Ауэ ар хабзэм зыгуэркІ иратхэзэгъэн хуейт. Ягу къэкІыжащ 1922 гъэм Совет Социалист Республикэхэм я Союзыр къызэгъэпэщыным теухуа зэгурыІуэныгъэ зэзыщыІэр Урысейр, Украинэр, Белоруссиер, Закавказье социалист федеративнэ совет республикэр зэрыарар. Абы къыхэхІыу мыдрейхэр хуит хъуа хуэдэт зэгурыІуэныгъэр якъутэжыну. Апхуэдэуи ящІащ. Республикищым я Іэтащхьэхэр махуэкІэ щакІуэрт, пщыхьэщхьэм ефэрт. ЗэгурыІуэныгъэщІэм елэжьыр Іэщ-щІагъэлІ гупхэр.

Журналистхэм иджы къатІэщІыж зыкъомкІэ куэд.

ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, Белоруссиеми и Совет Нэхъыщхьэм и унафэщІ Шушкевич Станислав и гугъар щІыдагъэмрэ газымрэ езым и республикэм и щыналъэм пхрыригъэщыным тепсэлъыхьыныщ. Украинэм и президент Кравчук Леонид къагъэдэІуэнри тынштэкъым: абыр я Ельцин Борисрэ зэхуэткІийт. Апхуэдэу щыхъум, Шушкевич иригъэпсэлъащ. Тхылъ Плъыжьым иратха домбейр къиуукІыну Іэмал зэригъэуэтынур къыщицІэм, щэкІуэным дихьэх Кравчук арэзы хъуащ. Къэзахъстаным и Іэтащхьэ Назарбаев НурсулътІани ирагъэблагъат, ауэ яхуэкІуакъым.

Арати, 1991 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м «Вискули» щызэхуэзащ лыщхьищыр. ИщхьэкІэ къызэрыдгъэзэгъуащи, СССР-р зыкъутэжьыну хуэйр урысей лъэныкъуэрт. Адрейхэм нэхъыбэу зэрахуэр газымрэ щыдагъэмрэ я япыщІа Іуэхухэрт. Пэжу, Кравчуки Шушкевичи зэгуагъэпырт Горбачёвыр къаззэрепэгэкІым: абыхэм къальытэрт Ельциным нэхъ тыншу гурыІуэфынэ.

Зэ́ІущІэр щэху дыдэу ирагъэкІыжырт. Абы къыхэкІыу зыпэмыплъахэм Іууэрт. Псалъэм и хьэтыркІэ, щакІуэ унэм ксерокс щІэмыту къыщІэкІащ. ТхылъымпІэхэм я копиехэр зыІэрагъэхьэн папщІэ ахэр тІэунейрэ телефаксым щІагъэкІын хуей хъуат. Зыри хэІущІыу ямыщІын папщІэ тхылъымпІэхэр зэрыбгІэ тезыдзэр зы щІыхуб закъуэт. Лэжьакіуэ гупым зэгурыІуэныгъэм и проект игъэхьэзыращ, арщхьэкІэ цІыхубзым и пэшыр гъэбдати, тхылъымпІэхэр бжэм дІыащ. Пщыдджыжьым къакІуэмэ, тхылъымпІэхэр дэлъыжкъым, бжэри зэрыгъэбыдащ. ХъунмакІуэхэм ягъэкІыжьыщІыжащ. ИужькІэ зыгуэрым игу къэкІащ ГъэнхкІий зэрылъ пэгуным иплъэну. КъызэрыщІэкІамкІэ, машинисткэм ягъэ къэкІуа пхъэнкІакІуэм лъэгум илъ тхылъымпІэхэр зэщІикъуат...

Ельцинри апхуэдизкІэ епІэщІэкІыри, проектми елІэІакъым. Абы щыгъуэм, «Дызэрызэгъхьам хуэдэу дызэбгъэдэкІыжынщ» жиІэу къигъэувамэ, Курымри, Приднестровьери, нэгъуэщІ щыналъэ Іэджи Урысейм псалъэмакъыншэу къыхуэнэнут. БлэкІар блэкІащ, абы къыпхуегъэгъэзэжынукъым. 1991 гъэм дыгъэгъазэм и 8-м сыхьэт 16-м СССР-р зэрыщымыІэжьыр жаІащ.

● Къэралхэр

Петронас чэщанэ зэтІолъхуэныкъуэхэр дуней псом щынэхъ тельыджкэ ухуэныгъэхэм ящыщщ. Абыхэм ягъэдахэ Малайзиеми и щыхьэр Куала-Лумпур. ТІури зэбгурытщ икІи ислъам гъуэзджэм и хабзэхэм тету яухуащ. Дэтхэнэри къуапи 8 зиІэ вагъуэм ещхьщ. Чэщанэхэр пасэрей щэнхабзэм я дамыгъэщ, абыхэм апхуэдэу уигу къагъэкІ мы къэралым Іэмал гъунапкъэншэхэр зэриІэр. ЧэщанитІыр абджыпсым къыхэщІыкІа лъэмыжкІэ зэпыщІащ. УакъыплъыкІмэ, щыхьэрым и щІыпІэ тельыджэхэр уолъагъу. Уардэунэхэм я пэшхэм псори зэхэту метр зэбгъуэзнатІэ 213-рэ къыхэщІаубыдэ. Ар футбол щыджэгу губгъуэу 48-м хуэдиз мэхъу. Дэтхэнэ чэщанэми къат 88-рэ и лъагагъщ. Абыхэм я щхьэгъубжэхэр плъэщІыным зы мазэпсо текІуэдэнущ. Мыбы туристхэмрэ езы къэралым щыпсэухэмрэ куэду щопэкІу. Зэ щыІами, илъэгъуаехэр зэи щыгъупщэжыркъым. КІэщІу жьыпІэмэ, Петронас чэщанэ зэтІолъхуэныкъуэхэр иджыпей Малайзиеми и нагъыщэ нэхъыщхьэ хъуащ.

● Псалъэ зыщІэхэр

Бжыгъэшхуэхэм я махуэ

«Налшык» (Налшык) - **«Псыкуэд»** (Псыкуэд) - **8:0**, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Союз»** (Сэрмакъ) - **6:0**, **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **«Кёрт»** (Къэхъун) - **6:0**, **«Къундетей»** (Шэджэм) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **2:0**, **«Родник»** (Псыдэхэ) - **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **3:2**, **«Нартан»** (Нартан) - **«Бедик»** (Арщыдан) - **2:1**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«ХьэтІохъущыкъуей»** (Хьэтlохъущыкъуей) - **2:3**.

Зэхьэзэхуэм и къыкІэлъыкІуэ джэгугъуэм щызэІущІэнущ «Нарт» - «Нартан», «Бедик» - «Автозапчасть», «Шэрджэс» - «Налшык»,«Псыкуэд»-«Малка», «ЛогоВАЗ» - «Къундетей», «Хьэтlохъущыкъуей» - «Кёрт-», «Союз» - «Ислъэмей», «Тэрч» - «Родник» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Футбол

Гущ Іэгъур япэщ

«Уи Іэр хуэщий» фІэщыгъэм щІэту иджыблагъэ ди республикэм къыщыщэрагъэпэщащ волонтёрхэм я зэщІэхъееныгъэм и гуп щхьэхуэ.

АБы ХЭТЫНУ хуей дэтхэнэ зы ныбжьыщІэми къызэгъэпэщакІуэхэм мы телефонымкІэ запищІэ хъунущ: 89887274000. Гупым и унафэщІ Хьэту Астемыр дызэрыщигъэгъуэзамкІэ, а псапащІэ Іуэхум и къалэн нэхъыщхьэр ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъхэм Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ защІэгъакъуэнырц. «Ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэ куэд щыІэщ, жьы хъуауэ, зеиншэу. Дэ ди зэфІэкІ псори етхьэлІэнущ, мащІэу нэхъ мыхъуми, абыхэм я гукъыдэжьр къэтІэтыным. Ди волонтёрхэр апхуэдэхэм я деж кІуэнурэ зыхуеину Іуэхутхьэбзэхэр зыхуэдэр зрагъэщІэнущ, хущхъуэ къаухущэхуи, унэхэр, пщІантІэхэр яхуэзлъыІухьи жьпІэми. ЗыхуэзэфІэмыкІым уэдпсыкІуэным нэхъ псапэ сыт щыІэ. Ди гуапэт ди волонтёр лэжьыгъэр къызэгурыІуэ ныбжьыщІэ нэхъыбэ ди зэгухьэныгъэм къыхьхьатэмэ, - жеІэ Астемыр.

ХЬЭТ Шупагуэ.

● Прохладнэ щІыналъэ

Сабийхэр драгъэхьэх

Гъэмахуэ лагерхэм зыщызыгъэпсэхухэр тхылъым и дунейм хашэ.

«ГЪЭМАХУЭМРЭ тхылъымрэ ди ныбжьэгъуц» фІэщыгъэм щІэт программэр мы гъэм купщІафІэу щагъэзащІэ Прохладнэ щІыналъэм и библиотекэхэм. Абыхэм я лэжьакІуэхэм школ лагерхэм къыщызэрагъэпэщ тхылъым и мыхьэнэмрэ абы жылагъуэ гъащІэм щиубыд увыпІэмрэ теухуа зэІущІэхэр, викторинэхэр. Маяковскэм и библиотекэм сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ дэзыхьэхын зэпеуэхэр щІэх-щІэхьэрэ щокІуэкІ. Лэжьакіуэхэр сабий щхьэхуэу ядолажьэ: ахэр дэзыхьэх тхылъхэр къыхухах, тхылъхэр щІаджыкІа нэужь псори зэгъуэсу музыкэ-литературнэ теплъэгъуэхэр ягъэув. Апхуэдэ программэхэм яфІэфІу цІыкІухэм я адэ-анэхэри къокІуалІэ. ЦІыкІухэмрэ библиотекэм и лэжьакІуэхэмрэ зыщыщхьэуІу мазэр и кІэм нэсыху зэдэлэжьэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Псалъэ зыщІэхэр

Гущ Іэгъур япэщ

«Уи Іэр хуэщий» фІэщыгъэм щІэту иджыблагъэ ди республикэм къыщыщэрагъэпэщащ волонтёрхэм я зэщІэхъееныгъэм и гуп щхьэхуэ.

АБы ХЭТЫНУ хуей дэтхэнэ зы ныбжьыщІэми къызэгъэпэщакІуэхэм мы телефонымкІэ запищІэ хъунущ: 89887274000. Гупым и унафэщІ Хьэту Астемыр дызэрыщигъэгъуэзамкІэ, а псапащІэ Іуэхум и къалэн нэхъыщхьэр ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъхэм Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ защІэгъакъуэнырц. «Ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэ куэд щыІэщ, жьы хъуауэ, зеиншэу. Дэ ди зэфІэкІ псори етхьэлІэнущ, мащІэу нэхъ мыхъуми, абыхэм я гукъыдэжьр къэтІэтыным. Ди волонтёрхэр апхуэдэхэм я деж кІуэнурэ зыхуеину Іуэхутхьэбзэхэр зыхуэдэр зрагъэщІэнущ, хущхъуэ къаухущэхуи, унэхэр, пщІантІэхэр яхуэзлъыІухьи жьпІэми. ЗыхуэзэфІэмыкІым уэдпсыкІуэным нэхъ псапэ сыт щыІэ. Ди гуапэт ди волонтёр лэжьыгъэр къызэгурыІуэ ныбжьыщІэ нэхъыбэ ди зэгухьэныгъэм къыхьхьатэмэ, - жеІэ Астемыр.

ХЬЭТ Шупагуэ.

«КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодёжь» газетхэм, «Іуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги Тау», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм, программэхэр къэзыт «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпанием, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпанием, Урысейпсо къэрал телерадиокомпанием и къудамэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «КъБР-инфо» хъыбарегъащІэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм, жэуап зэхэзэхыныгъэ зыхь «Тетраграф» зэгухьэныгъэм я лэжьакІуэхэр **Щоджэн Иннэ Аслъэнбий и пхъумрэ Щоджэн Заирэ Замир и пхъумрэ** яхуогузавэ абыхэм я анэ, анэшхуэ **Щоджэн (Сабий) Нинэ Чэмал и пхъур** зэрылІам къыхэкІыу.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(2, 3, 6-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 4, 5-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепІэгэ ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанnapщ.**

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ ЖьэкІэмыхъу Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

ХьэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьанмокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыдджэ Замирэ, Щхьэщэмыщ Иэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинм и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узышІагъэмрэ щІыуэпсыр хъумэныкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бж